

Plan lesson pou liv : *Mwen se yon bél moun*

Tit lesson an : *Melanin*

Objektif :

Pou anseye elèv yo enpòtans melanin. Pou ede elèv yo apresye epi devlope lanmou pou po yo.



Preparasyon :

Bay chak elèv yon kopi liv *Mwen se yon bél moun*.

Aktivite :

Mete elèv yo nan yon sèk epi poze yo kesyon sa yo :

1. Ki sa nou panse ki bay po nou koulè ?
2. Ki sa nou panse ki bay po bèt yo koulè ?

Ajoute pi plis kesyon si w vle. Ankouraje tout elèv yo pataje opinyon yo. Aprè diskisyon nan klas la, ale nan aktivite ann apre a.

Premye pati lesson an :

Ki sa ki fè nou gen diferan koulè po ? Koulè po chak moun depann de kantite melanin li genyen nan selil li.

Melanin : Se pigman prensipal ki la pou detèmine koulè po, koulè cheve ak koulèje nan moun ak bèt.

Se gras a melanin koulè po nou vin pi fonse lè po a rete an ba solèy pandan yon tan ki ase long.

Prèske tout moun ak tout bêt gen melanin.



« Albino » : Sa se moun oubyen bêt ki gen yon ti kantite melanin tou piti nan po yooswa yo pa gen melanin ditou. Lè kon sa, po a parèt trè pal.



Ki enpòtans melanin ?

Se yon selil ki rele melanosit ki pwodui melanin. Melanin bay po a pwoteksyon kontradyasyon iltravyolè ki soti nan solèy la. Melanosit ogmante pwodiksyon melanin chak fwa po a an ba solèy. Tach sou po se yon bagay ki rive nan tout ras moun.

Tach sa yo se zòn tou piti ki gen yon ogmantasyon konsantre nan pwodiksyon melanin.

Kibenefis nou jwenn nan melanin ?

Li bay cheve nou, po, ak je nou koulè. Li pwoteje tou !

Wòl fotopwotektif nan melanin:

Melanin bay 2 kaltepwoteksyon : Li pwoteje kont reyon iltravyolè. Reyon sa yo konn bay kout soleÿ ak kansè.

Gen 2 kaltemelanin ki aji sou koulè : gen « bon melanin » ak « melanin koulè dezè » (tèm syantifik pou 2 kaltemelanin sa yo se « eumelanin » ak « pheomelanin » — ki soti nan lang grèk).

Po nwa, ki gen plis kantite bon melanin (ki gen pigman nwa / mawon), jwenn pi plis pwoteksyon kont radyasyon iltravyolè. Bon melsanin bay pi plis pwoteksyon kont domaj radyasyon iltravyolè pase melanin koulè dezè.

Malgre po nouka pwodui mwayen pou pwòp defans li kont domaj limyè soleÿ, nou toujou bezwen pran mezi pwotektif ki pou ede nan defans sa a — mwayen tankou krèm pwotèj kont soleÿ, lonbraj, ak rad pwoteksyon.

Pèmèt elèv yo poze kesyon. Lè w santi elèv yo vin gen yon bon konpreyansyon sou melanin, mande yo menm kesyon an ke w te mande nan kòmansman an. Obsève pou wè si yo te vin gen konpreyansyon sou materyèl la.

Dezyèm pati lesson an:

Bay chak elèv yon kopi liv *Mwen se yon bél moun*.

Li tout kiv la pou elèv yo, Apre sa, li liv la ankò ; fwa sa a mande tout elèv yo pou yo repeète apre ou.

Devwa :

Fè timoun yo ekrisou sa yo te aprann jodi a, ak nan ki fason yo pral kòmanse oswa kontinye nan eksplore enpòtans melanin.



Referans :

<https://www.justpo.st/channel/kids+arms+from+white+to+black>

<https://www.thetimes.co.uk/article/crowds-go-dotty-for-a-rare-zebra-dnrmlb08d>

<https://www.eyes-on-europe.eu/the-international-attention-in-favor-of-people-with-albinism-in-africa/>

<https://www.oversixty.com.au/lifestyle/family-pets/rarely-seen-albino-animals>

<https://www.facebook.com/watch/?v=874760999971899>